



UNDER DESIGN

Fèy enfòmasyon

Depatman Transpò ak Travo Piblik (DTPW)

Konte Miami-Dade

Pwojè Nim. 20210011

**Ranplasman pon Venetian Causeway soti North
Bayshore Drive rive nan pwojè Purdy Avenue**

DESKRIPSYON PWOJÈ:

Pwojè a gen ladan ranplasman pon ki deja egziste yo ki yon ti jan deteryore oswa ki mal anpil, tankou pon fiks 2 jiska 9, 11-12 ak pon baskil 10. Amelyorasyon yo va elve pon yo pou kontwole enpak ogmantasyon nivo lanmè a, elajì zile atifisyèl yo jiska plan orijinal yo, twotwa ki pi laj, nouvo vwa pou bisiklèt ak deplase sèvis itilite yo. Li va amelyore tou sekirite koridò a an jeneral epi li va ofri zòn vèt ki pi laj pou itilizasyon rekreyatif.

REYINYON PIBLIK:

Depatman Transpò ak Travo Piblik (DTPW) Konte Miami-Dade te pwograme yon reyinyon piblik ibrid konsènan pwojè sijè a madi 18 avril 2023, soti 7:00 pm rive 9:00 pm nan 1000 Venetian Way, Miami Beach, Florida 33139 nan Clubhouse la. Reyinyon an va fèt pou bay rezidan ak biznis zòn yo enfòmasyon ki gen rapò ak faz konsepsyon pwojè a epi prezante plan ak lòt enfòmasyon enpòtan DTPW devlope.

METODOLOJI AK EFÒ:

Nou fè tout efò pou minimize enpak aktivite konstriksyon yo sou rezidan, lekòl, biznis, ak otomobilis zòn lan.

Si w gen nenpòt kesyon oswa ou si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte Depatman Transpò ak Travo Piblik nan (305) 375-2810 oswa nan: venetian@miamidade.gov.